

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa Sunda mangrupa basa indung (*mother tongue*) pikeun urang Sunda, boh anu mangkuk di Jawa Barat boh di saluareunana. Basa Sunda anu nyampak ayeuna mangrupa hasil tina kamekaran ti mangsa ka mangsa. Éta kamekaran téh ditangtukeun ku kahirupan budi akal urang Sunda anu kapangaruhan ku suasana tempat jeung waktu anu kasorang dina sajarah hirupna. Kamekaran basa Sunda sajalan jeung kamekaran kahirupan kabudayaan urang Sunda. Ari sababna basa téh miboga fungsi pikeun nyumponan sabagian tina pangabutuh anggota masarakat dina hirup kumbuhna.

Hirup kumbuhna basa Sunda raket patalina jeung kahirupan sosial-budaya anu makéna, nepi ka miboga fungsi jadi wahana pikeun mekarkeun budaya Sunda deuih (Sudaryat,2007: 2). Jaba ti éta, basa Sunda mibanda kalungguhan salaku basa daérah anu hirup-huripna ditangtayungan ku nagara. Luyu jeung UUD 1945 (hasil Amandemen), Bab XIII, Pasal 32, ayat 2 anu nétélakeun yén “Negara menghormati dan memelihara bahasa daerah sebagai kekayaan budaya nasional”.

Dina kalungguhanana salaku basa daérah, saperti nu dicindekkeun ku Seminar Politik Bahasa Nasional 1975 di Jakarta, basa Sunda miboga pancén atawa fungsi jadi (1) lambang kareueus masarakat Sunda, (2) lambang jati diri (identitas) masarakat Sunda, (3) alat paguneman di lingkungan kulawarga jeung

masarakat Sunda, (4) pangdeudeul basa nasional, (5) basa panganteur di sakola dasar (SD) di kelas-kelas munggaran pikeun ngalancarkeun pangajaran bahasa Indonesia jeung pangajaran lianna jeung, (6) alat pamekar jeung pangdeudeul budaya Sunda (Halim dina Sudaryat,2007: 2). Nilik kana éta hal, tétéla basa Sunda miboga fungsi nu kalintang pentingna dina kahirupan urang Sunda. Kiwari pikeun kalumangsungan hirup-huripna basa Sunda Pemda Propinsi Jawa Barat ngaluarkeun Perda Nomer 5 taun 2003 ngeunaan “Pemeliharaan Bahasa, Sastra dan Aksara Daerah“.

Pamakéan Basa Sunda téh lain ngan ukur digunakeun dina komunikasi lisan, tapi ogé digunakeun dina komunikasi tulisan boh dina situasi resmi boh situasi teu resmi. Dina situasi resmi basa Sunda digunakeun upamana dina gempungan, seminar, lokakarya, buku pelajaran basa Sunda pikeun murid di sakola, ngajarkeun pangajaran basa Sunda di sakola, jeung sajabana. Dina situasi teu resmi basa Sunda digunakeun dina hubungan kulawarga di imah, antara tatangga nu saséké-sélér Sunda, jeung anggota masarakat lianna nu mahan kana basa Sunda. Salian ti éta basa Sunda digunakeun pikeun sababaraha kaperluan saperti urusan pamaréntahan, dagang, tatanén, atikan, kaséhatan, kaagamaan, dunya industri, téknologi, patalimarga, pakasaban, sosial, ékonomi, pulitik, budaya, Jeung karya sastra.

Wellek jeung Warren (1989:14) nétélakeun yén basa mangrupa bahan baku kasusastraan, saperti batu jeung tambaga pikeun seni patung, cét pikeun lukisan, jeung sora pikeun seni sora. Tapi kudu sadar yén basa lain barang paéh

(saperti batu), taya lian ciptaan manusa, jeung miboga muatan budaya jeung linguistik ti kolompok basa nu tangtu.

Pikeun ningali digunakeunana basa anu has sastra urang kudu ngabédakeun basa sastra, basa sapopoé, jeung basa ilmiah. Basa sastra sifatna konotatif, miboga fungsi ékspresif, nuduhkeun nada (tone), jeung sikep nu nyarita atawa nu nulisna. Basa sapopoé miboga fungsi ékspresif nu komunikatif. Basa ilmiah sipatna dénotatif: aya kasaluyuan antara tanda (*sign*) jeung anu dimaksud (*refernt*). Basa nu konotatif dipaké dina karya sastra saperti puisi, aya tipe-tipe puisi nu tangtu nu kalayan ngahaja ngagunakeun paradoks, ambiguitas, ngagésérna harti sacara kontéktual, asosiasi irasional kalayan ngagunakeun kategori tatabasa saperti *gender* jeung *tense*. Basa puitis ngatur, ngandelan sumber daya basa sapopoé. Aya kalana ngahaja nyieun kasalahan-kasalahan pikeun maksa nu maca merhatikeun jeung sadar.

Puisi nya éta karya sastra anu miara euyeubna basa. Ngaliwatan puisi aya kalana basa nu geus leungit diaktifkeun deui. Salian éta, loba diciptakeun kekecapan atawa gejala anyar lianna (idiom, adegan kalimah). Ku stilistikana, puisi ogé loba méré imaji nu ngajembaran basa. Basa Puisi ogé bisa *berpretensi* miboga tujuan kana dirina pribadi jeung hayang nyiptakeun hiji wangun émosi (dina harti nu lega) puitis nu sipat jeung pangaruhna kana pangrasa nu maca kalintang ragemna.

Basa digunakeun salaku medium dina karya sastra. Salasahiji hasil karya sastra Sunda, di antarana waé, puisi. Puisi nu dihaleuangkeun maké rumpaka disebutna kawih. Kawih téh rakitan basa sabangsa dangding nu teu maké patokan

pupuh (Sopandi jeung Oyon Sofyan Umsari, 1985:7). Istilah kawih geus lila disabit-sabit ku urang Sunda, di antarana, nu ditulis dina naskah *Sanghyang Siksakandang Karesian* anu ditulis dina daun palem dina taun 1518:

Hayang nyaho di sakweh ning kawih ma: kawih bwatuha, kawih panjang, kawih lalangan, kawih panyaraman, kawih sisi(n)diran, kawih pengpeledan, kawih bongbongkasu, kawih pererane, porod eurih, kawih babahanan, kawih bangbarongan, kawih tangtung, kawih sasa(m)batan, kawih igel-igelan, sing sawatek kawih ma, paraguna tanya.

Lamun seug nengetan genre kawih nu ditataan di luhur, kiwari mah geus teu bisa kapanggih deui. Apung S. Wiraatmadja (1964:76-77) ngabagi genre kawih jadi tilu nya éta kawih budak, kawih kolot, jeung kawih anyar. RMA Koesoemadinata (Soepandi, 1985: 14) nétélakeun yén kawih téh nya éta sekar (tembang=kawih). Kadieunakeun istilah kawih dibédakeun tina tembang. Kiwari kawih dihartikeun sekar tandak, ari tembang dihartikeun sekar irama merdéka.

Kawih minangka karya sastra nu rumpakana disusun dina Basa Sunda. Éta Rumpaka nu disusun dina basa Sunda téh winangun kalimah-kalimah. Ari papasingan kalimah bisa disawang tina rupa-rupa hal, salasihijina disawang tina jumlah jeung warna klausa pangwangunna. Nurutkeun jumlah jeung warna klausa pangwangunna, kalimah bisa dibédakeun jadi kalimah salancar, jeung kalimah ngantét. Struktur kalimah dina rumpaka kawih téh diwangun ku rupa-rupa komponen nu pakait. Hubungan antara éta komponén-komponén téh nimbulkeun rupa-rupa harti, boh nu mangrupa fungsi (peran) semantis boh nu mangrupa hubungan semantis antara éta komponén.

Panalungtikan ngeunaan struktur basa Sunda geus loba dilakukeun boh nu patalina jeung subsistem fonologis, subsistem gramatikal (morfologi jeung

sintaksis), boh subsistem leksikal. Panalungtikan nu patalina jeung struktur basa Sunda téh, di anatarana, “Struktur Bahasa Sunda Dialek Priangan” (Sutawijaya *et al*, 1976), “Struktur Bahasa Sunda Pesisir Utara Jawa Barat” (Hardjasudjana *et al*, 1977), “Morfologi jeung Sintaksis Basa Sunda” (Sutawijaya *et al*, 1978) “Tata Basa Sunda: Sintaksis” (Prawirasumantri *et al*, 1987),”Tata Bahasa Acuan Bahasa Sunda” (Djajasudarma *et al*, 1991) “*Tata Bahasa Sunda*” (Dadi Sumardi Spk. *at el* 1992). Dina éta panalungtikan-panalungtikan téh saeutik gedéna geus didésripsikeun ngeunaan fonologi, morfologi, fungsi sintaksis atawa unsur fungsional klausa saperti Jejer (J), Caritaan (C), Udagan (U), Panglengkep (Pang), jeung Katerangan (K). Éta Panalungtikan téh wengkuanana kalintang lega, nya éta struktur basana sacara umum.

Salian ti panalungtikan nu ditataan di luhur, aya kénéh panalungtikan lianna nu husus luyu jeung garapanana di antarana waé: (1) “*A Typological Study Of Sundanese*” (disertasi) ditulis ku Nurahman (1997); (2) “*Fungsi Sintaksis dalam Klausa Bahasa Sunda sebagai Ancangan Bahan Pembelajaran Struktur Bahasa*” (Laporan Hibah Penelitian) ditulis ku Yayat Sudaryat (2000); (3) “*Adegan Diatesis Kalimah Sumélér dina kumpulan carpon Kanyaah Kolot karangan Karna Yudibrata*” (Skripsi) ditulis ku Rani Rabiussani (2005); (4) “*Kalimah Ngantét Satata dina novel Payung Butut karangan Ahmad Bakri*” (Skripsi) ditulis ku Nia Kurniasih (2007); jeung (5) “*Analisis Rumpaka Kawih Tembang (Katem) Karya Nano S.*” (Skripsi) ditulis ku Kania Pujasari (2007). Dina éta panalungtikan-panalungtikan téh geus didésripsikeun ngeunaan tipologi basa, fungsi sintaksis dina klausa basa Sunda, adegan diatésis kalimah sumélér nu

aya dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karangan Karna Yudibrata, kalimah ngantét satata nu aya dina novel *Payung Butut* karangan Ahmad Bakri, jeung analisis puisi dina wanda katem beunang Nano S..

Panalungtikan ngeunaan struktur basa Sunda anu dipuseurkeun kana struktur jeung semantik dina rumpaka Kawih Sunda sakaterang panalungtik can aya. Hususna ngeunaan ulikan struktur kalimah dina rumpaka kawih Sunda dumasar jumlah jeung warna klausa pangwangunna katut peran semantis dina kalimah salancar sarta hubungan semantis dina kalimah ngantét. Ku kituna, panalungtikan nu judulna “Wangun jeung Hubungan Semantis Antarklausa Kalimah Ngantét dina Rumpaka Kawih Sunda” perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Basa Sunda disusun ku rupa-rupa struktur, di antarana waé struktur kalimah. Ulikan struktur kalimah téh rupa-rupa, di antarana dumasara kana: (a) Jumlah jeung jenis klausa, (b) struktur internal klausa utama, (c) jenis responsi nu dipiharep, (d) sipat hubungan aktor-aksi, (e) aya euweuhna unsur negatip dina frasa verbal utama, (f) kabasajanan jeung kawewegan (g) posisina dina paguneman, jeung (h) kontéks jeung jawaban nu dibikeun (Tarigan, 1984:8-9).

Struktur kalimah téh diwangun ku komponén-komponén nu pakait. Hubungan antara éta komponén-komponén téh nimbulkeun rupa-rupa harti, boh nu mangrupa fungsi semantis (peran) boh nu mangrupa hubungan semantis antara éta komponén. Peran-peran semantis saperti nu dipibanda ku fungsi jejer, caritaan,

udagan, panglengkep, jeung katerangan nuduhkeun harti anu béda kayaning palaku, kalakuan, pangrandap, tempat jeung waktu. Hubungan semantis antara éta komponén-komponén dina kalimah bisa nuduhkeun rupa-rupa harti saperti jumlah, pilihan, lalawanan, undak, jsb.

Dina prosés nyiptakeunana, rumpaka kawih miboga unsur-unsur saperti: (1) unsur basa, (2) unsur sastra, (3) eusi sastra, jeung (4) wangun sastra. Rumpaka kawih dina ieu panalungtikan mangrupa média pikeun dijadikeun sumber data.

Dumasar kana lingkup di luhur, ieu panalungtikan diwatesanan kana analisis struktur kalimah rumpaka kawih disawang tina jumlah jeung warna klausa pangwangunna. Aspék semantis anu digarap dina ieu panalungtikan nyoko kana hubungan semantis antarklausa dina kalimah ngantét.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, aya sababaraha masalah nu kudu dirumuskeun. Éta rumusan masalah téh bisa ditepikeun dina wangun pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha wangun kalimah ngantét dina éta rumpaka kawih Sunda?
- 2) Kumaha hubungan semantis antarklausa kalimah ngantét dina rumpaka kawih Sunda?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun dua hal anu patali jeung kalimah ngantét dina rumpaka kawih Sunda. Éta dua hal téh nyaéta:

- 1) wangun kalimah ngantét dina éta rumpaka kawih Sunda, jeung

2) hubungan semantis antarklausa kalimah ngantét dina rumpaka kawih Sunda.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat ieu panalungtikan téh bisa ditilik tina jihat paélmuan jeung kagunaan praktis. Tina jihat paélmuan, ieu panalungtikan téh gedé gunana geusan nambahan jeung ngajembaran pangaweruh pamaké basa kana hal-hal nu aya patalina jeung struktur basa Sunda dina rumpaka kawih Sunda.

Tina jihat kagunaan praktis, ayana panalungtikan kana rumpaka kawih dipiharep bakal: (1) ngajembaran hasanah karya tata basa Sunda, (2) ngajembaran wawasan keur nu minat kana tata basa Sunda, (3) méré input keur pangarang kawih Sunda, (4) ngarojong jeung numuwuhmekarkeun kajian satuluyna dina raraga ngalengkepan linguistik Sunda, jeung (5) mangrupa input pikeun guru enggoning milih bahan pangajaran sintaksis hususna kalimah salancar jeung kalimah ngantét.

1.5 Definisi Istilah

Pikeun ngagampangkeun panalungtikan, perelu dirumuskeun heula sawatara istilah anu dipaké dina judul panalungtikan minangka variabelna. Éta istilah téh nya éta, ulikan Sintaksis jeung Semantik, Rumpaka, jeung, Kawih Sunda. Ieu dihandap éta istilah-istilah téh dijentrékeun.

a. Kalimah ngantét nya éta kalimah anu diwangun ku dua klausa atawa leuwih anu sarua tahapanana, satata, atawa sadarajat. Klausa-klausa katut kecap panyambungna dina kalimah ngantét henteu bisa dipatukeurkeun tempatna, anu

ngandung harti yén lamun dipaksa dipatukeurkeun, kalimahna jadi henteu gramatis, henteu bisa ditarima ku akal séhat panyatur. Dina kalimah ngantét mindeng aya kecap barang anu mangrupa ngaran dipakéna babarengan jeung kecap sulurna. Lamun kecap barang jeung kecap sulur dipaké dina dua klausa kalimah ngantét, kecap sulurna kudu ditempatkeun dina klausa sanggeus klausa ngandung kecap barangna téa.

- b. Wangun kalimah ngantét mangrupa rupa-rupa wujud kalimah ngantét dumasar ciri sintaksisna, ngawengku kalimah koordinasi, nya éta hubungan antarklausa bébas anu satata.
- c. Hubungan semantis antar klausa mangrupa patali harti antarklausa anu ngawangun kalimah ngantét. Hubungan semantis antarklausa kalimah ngantét téh aya sababaraha rupa, nya éta hubungan jumlah, lalawanan, pilih, tumuluy, sinambung, jeung panandes.
- d. Rumpaka nya éta “lirik”, “teks”, atawa kekecapan dina lagu (Wahyu Wibisana, Spk., 2000:701).
- e. Kawih nya éta rakitan basa sabangsa dangding nu teu maké patokan pupuh (Atik Sopandi jeung Oyon Umsari, 1985: 5). Kawih diwangun ku dua unsur, nya éta unsur musik jeung unsur sastra. Unsur musik ngalahirkeun lagu (nada jeung wirahma), sedengkeun unsur sastra di antarana bisa katitén tina rumpaka atawa lirik lagu.

1.6 Sistematika

Ieu panalungtikan disusun ngawengku lima bab, kalawan sistematika saperti ieu di handap.

1) Bab I BUBUKA

Eusina mertélakeun kasang tukang, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, wangenan istilah, jeung sistematika tésis.

2) Bab II ULIKAN TIORI, ANGAPAN DASAR, JEUNG RARAGA MIKIR

Eusina ngadarkeun sajumlahing konsép poko anu dijadikeun tatapakan pikeun analisis pasualan anu ditalungtik dumasar kana sajumlahing buku jeung bahan bacaan lianna salaku rujukan konsép jeung tiori. Sawangan anu didadarkeun ngawengku tiori perkara kalimah, wangun kalimah, peran jeung hubungan semantis dina kalimah, jeung kawih. Salian ti éta, didadarkeun anggapan dasar jeung raraga pikir.

3) Bab III MÉTODE PANALUNGTIKAN

Eusina mertélakeun perkara métode panalungtikan, désain panalungtikan, nangtukeun data, instrumén panalungtikan, jeung prosedur analisis data.

4) Bab IV WANGUN JEUNG HUBUNGAN SEMANTIS ANTARKLAUSA KALIMAH NGANTÉT DINA RUMPAKA KAWIH SUNDA

Eusina mangrupa déskripsi jeung analisis ngeunaan wangun jeung hubungan semantis antarklausa kalimah ngantét dina rumpaka kawih Sunda. Didadarkeun ogé pedaran hasil panalungtikan.

5) Bab V KACINDEKAN JEUNG SARAN

Eusina mangrupa kacindekan tina hasil analisis anu dipedar dina bab IV, jeung saran anu dianggap penting pikeun panalungtikan lianna.

